

Kijan pou Itilize Kat EBT W la

Orè Disponibilite Benefis:

Ou pral resevwa benefis ou yo nan menm jou a (yo) chak mwa baze sou Nimewo Sekirite Sosyal ou oswa nimewo espas rezève ke DTA te ba w la.

SSN ki fini ak	Kach/SNAP	Kach
0	1	16
1	2	17
2	4	19
3	5	20
4	7	22
5	8	23
6	10	25
7	11	26
8	13	28
9	14	29

Dat yo ki tonbe nan yon jou ferye oswa yon dimanch pral gen benefis yo disponib depi nan lavèy.

Kijan pou Itilize Kat EBT W la

Lè w ap fè yon acha SNAP oswa lajan kach ak kat EBT w la:

Nan kès la, tout machandiz SNAP otorize yo pral dedui nan benefis ou yo yon fwa ou **antre oswa pase** kat EBT w la epi antre kòd PIN ou. Pou tout machandiz ki pa otorize pou SNAP, tankou atik twalèt ak pwodui pou kay, ou ka itilize benefis kach ou lè w **antre oswa tape** kat la ankò, chwazi "EBT Cash" epi antre kòd PIN ou pou peye pou machandiz sa yo.

Pou konnen balans sou kat EBT w la, konekte nan DTA Connect nan [DTAConnect.com](https://www.dtaconnect.com) oswa sou aplikasyon mobil DTA Connect la, oswa rele 1-800-997-2555 epi suiv enstriksyon yo pou tande balans ou (yo).

Pou jwenn yon lis manje ki kalifye, vizite:

<https://www.fns.usda.gov/snap/eligible-food-items>

Ou kapab fè acha tou anliy lakay founisè patisipan yo. Vizite [Mass.gov/SNAPOnline](https://www.mass.gov/SNAPOnline) pou plis enfòmasyon.

Move itilizasyon Benefis DTA yo:

- Se yon krim pou vann oswa twoke kat EBT w la, PIN ou an, oswa benefis ou yo ak lòt moun. Move itilizasyon benefis DTA w yo ak kat EBT w la ka lakòz Otorite etatik ak/oswa federal yo mennen yon ankèt.
- Ranplasman repete kat ou a ka lakòz yo mennen yon ankèt espesyal sou dosye w la. Pou rapòte yon ka move itilizasyon, rele 1-800-372-8399.
- Vyolasyon règ yo pral lakòz sanksyon ki enkli men pa limite nan diskalifikasyon nan pwogram asistans yo, rekouvremant benefis, ak/oswa referans pou pousuit kriminèl.
- Pou plis enfòmasyon sou move itilizasyon kat EBT w la, benefisyo ak lòt enfòmasyon enpòtan, tanpri vizite sitwèb anba a oswa rele 1-800-372-8399.

How2EBT-HC (4/2026)
27-004-0425-03



Vizite [Mass.gov/EBT](https://www.mass.gov/EBT)

Ki moun Ki Ka Itilize Kat EBT W la?

Ou ka kite lòt manm nan fwaye a itilize kat EBT W la. Sa enkli mari ouwa madanm, timoun ki pi gran, ak responsab yo. Si w ta renmen ba yon lòt moun pèmasyon pou itilize kat ou a, mande DTA pou ba ou yon "Moun ki pou Ede w". Valab san foto.

Lokal Kote Ou Ka Itilize Kat EBT W la:

Ou ka itilize kat EBT w la pou jwenn benefis yo kote ou wè logo sa yo:



Pou Benefis SNAP ak *Lajan Kach

*Mande nou kijan ou ka fè depoze benefis lajan kach ou yo dirèkteman sou kont bankè w!

Bagay ou pa ka itilize Kat EBT W La Pou yo:

- Bwason alkolize
- Frè Òdonans-Tribinal, Amann, Kosyon oswa Kosyon ke Tribinal Òdone
- Zam Afe ak Minisyon
- Tikèpou jwèt aza ak lotri
- Bijou
- Materyèl divètisman ki fèt pou adilt
- Mariwana oswa pwodui abaz mariwana
- Pwodui Tabak
- Aparèy televizyon, estereyo, jwèt videyo oswa konsol nan magazen lokasyon-vant

Lokal Kote Ou Pa Ka Fè Acha Oswa Itilize Kat EBT/Benefis Lajan Kach ou yo:

- Magazen pou Adilt
- Dilè zam afe
- Kazino
- Bato Kwazyè
- Magazen bijou
- Magazen alkòl oswa mariwana
- Salon tatouaj
- Salon pou zong
- Ajans transfè lajan kach

Lalwa fè li ilegal tou pou magazen sa yo aksepte benefis lajan kach sou yon kat DTA EBT pou nenpòt tranzaksyon. Gade sanksyon ak detay yo anliy sou sitwèb la ki sou depliyon sa a oswa eskane kòd QR la.

Pou rapòte yon acha oswa vant entèdi, rele 1-800-372-8399.

Pwoteje Benefis EBT w yo kont Fwòd oswa eskwokri:

- Pa janm kite okenn moun wè lè w ap antre Nimewo Idantifikasyon Pèsonèl ou (PIN). Pa ekri PIN ou sou kat la oswa sou lòt dokiman ou konsève ak kat la. Pa pliye oswa coupe kat ou a.
- Chanje kòd PIN kat EBT w la chak mwa anvan chak vèsman benefis.
- **Pa janm bay enfòmasyon pèsonèl ou, oswa okenn Detay sou Kat EBT, bay moun ou pa idantifye k ap rele w nan telefòn.**
- Ou dwe toujou bloke kat EBT w la lè w pa p itilize li pou ka pwoteje benefis ou yo.
- Vizite [Mass.gov/ProtectYourEBT](https://www.mass.gov/ProtectYourEBT) pou plis enfòmasyon.

Kilè ou ta Dwe Rele Sèvis Kliyantèl Kat EBT a:

- **Rele Sèvis Kliyantèl Kat EBT a nan 1-800-997-2555 san pèdi tan si ou panse ke kat ou a pèdi oswa yo vòlè li.**
- Si ou panse ke yon erè nan sistèm nan te lakòz yon tranzaksyon benefis ki pa kòrèk, ou ka depoze yon reklamasyon pou yon ajisteman kont nan rele Sèvis Kliyantèl Kat EBT a. Ou gen 90 jou apati dat tranzaksyon sispèk la pou depoze reklamasyon w lan.
- Fè si ke ou genyen nimewo kat EBT w la, dat nesans ou, ak 4 dènye chif Nimewo Sekirite Sosyal ou oswa nimewo espas rezève DTA te ba w pou lè w ap rele a.

1-800-997-2555 - Ou ka rele sèvis kliyantèl EBT 24 è pa jou, 7 jou pa semèn.

Pou jwenn plis enfòmasyon:

- Ou ka telechaje DTA Connect sou telefòn entelijan w oswa sou tablèt ou. Ou kapab jwenn aksè nan kont anliy ou an tou nan DTAConnect.com pou rete enfòme sou enfòmasyon ki lye ak dosye w la.
- Si w bezwen pale ak yon manm pèsonèl DTA oswa rapòte chanjman nan yon dosye, rele 877-382-2363.
- Ou bezwen èd oswa lòt resous? Rele 211 oswa vizite sitwèb la ki nan depliyon sa a/eskane kòd QR la.

Enstitisyon sa a se yon founisè opòtinite egal.